

# Kijan Dwa Pou Gen Avoka (Right to Counsel) fonksyone nan Eta New York?

## Poukisa Dwa Pou Gen Avoka (Right to Counsel) empòtan konsa?

### Degèpisman se yon kesyon pouvwa.

Anviwon mwatye nan lokatè yo degèpi te ka pa degèpi si yo te gen yon avoka. Sa vle di mèt kay yo degèpi lokatè yo paske yo gen pouvwa, men se pa paske la lwa sipòte sa.

Anviwon 97 pousan ka ki nan tribinal pou koze kay se mèt kay ki komanse yo, epi preske tout mèt kay gen avoka ki reprezante yo pandan ke pakèt lokatè yo pa gen reprezantasyon.

Mèt kay asiyen lokatè ke yo pa ta dwe asiyen paske li fasil pou yo fè sa san yo paye ankenn konsekans. Lè mèt kay yo di lokatè yo ke dosye ya se sèlman yon ti pwoblèm kay ki pa peye, yo bloke yo pou pa gen pouvwa ni aksè ak lwa ki konplike pou defanm kay yo. Dwa pou Gen Avoka (Right to Counsel) chanje sa.

Se pa sèlman lokatè yo ki santi konsekans pouvwa pou degèpisman nan tribinal pou koze kay. Chak fwa yon lokatè panse rele 311 pou fè yon rapò sou move kondisyon kay la ak lè yon lokatè ale nan reyinyon pou lokatè li santi konsekans dwa pou degèpisman sa. Lokatè yo konnen si yo dwe kay la sa mete yo an danje sitou si yap lite pou dwa yo. Sa pa vle di anyen si ou gen dwa pou viv nan yon kay ki gen bon kondisyon si mèt kay la gen tout pouvwa sa yo. RTC di ke lokatè gen enpotans e yo dwe reprezante yo, yo dwe konn dwa yo epi RTC ap lite pou yo respekte lokatè epi pou defans lokatè garanti nan vil la. RTC ka ede oganizasyon lokatè yo vinn pi solid!

Anpil lokatè pa lite ak dosye yo men yo kite kay la lè yo resevwa papyè tribinal. Anpil ladann yo peye mwa kay yo pa menm dwe. Dwa Pou Avoka (Right to Counsel) kapab e pwomèt ke li ka chanje sa.

### Degèpisman se yon koze ras avèk klas.

Chak ane mèt kay eseye degèpi plis ke 230,000 lokatè, pi fasil mounn ki pa gen anpil lanjan yo, mounn koulè nwa ak mawon ki ap viv nan New York. Anpil nan mounn sa yo se imigran pi fò se fanm. RTC pa sèlman kanpe degèpisman, li ede nan anpeche depasman bann mounn nwa ki pov.

### Mouvman lokatè yo te genyen batay sa!

Aprè twa lane ap fè yon kanpay dirije pa yon gwo kowalisyon kote lokatè tap òganize yo, nou genyen batay la! Lokatè yo temwaye, fè rasableman, manifestasyon, siyen petisyon ak anpil lòt bagay anko pou nou te ka genyen nouvo dwa sa. NOU GEN ANPIL POUVWA LE NOU OGANIZE NOU. RTC pa sèlman la pou batay pou nou rete nan kay, li la tou pou nou lite pou rete nan kay la epi pou nou retounen gen vil ke nou bezwen yan e ke nou merite.



Ekzekisyon Dwa pou Gen Avoka (Right to Counsel) ap evolye toutan, silvouplè vizite site entènèt nou wan pou enfòmasyon ki pi resan.

[righttocounselnyc.org](http://righttocounselnyc.org)

8/8/19

## Jwenn reprezantasyon legal yon Asosyasyon lokatè:

[evictionfreenyc.org/ht](http://evictionfreenyc.org/ht)

### Zip Codes Dwa Pou Gen Avoka

| Bronx    | Manhattan | Staten Island |
|----------|-----------|---------------|
| 10457    | 10025     | 10302         |
| 10462    | 10026     | 10303         |
| 10467    | 10027     | 10310         |
| 10468    | 10031     | 10314         |
| Brooklyn | Queens    |               |
| 11216    | 11433     |               |
| 11221    | 11434     |               |
| 11225    | 11373     |               |
| 11226    | 11385     |               |

### Rele pou konnen si ou kalifye.

**718-557-1379**

## Kisa Dwa Pou Avoka ye (Right to Counsel)?

Dwa Pou Gen Yon Avoka (Right to Counsel oubyen RTC) se yon lwa ki te siyen an Out 2017 nan NYC. Sa vle di lokatè ki kalifye selon lajan yo touche ka jwenn yon avoka pou defan kòz yo si yo asiyen yo nan tribinal kay pou koze degèpisman ak si yo pwale nan odyans administrativ ak NYCHA ki ta vle retire yo kòm lokatè (NYCHA termination of tenancy hearings). Li pa enpòtan ki kalite lokatè yo ye (si yo gen “Section 8”, si yo rete nan yon kay , si yon gen “rent stabilized” NYCHA, ak lòt ankò). Si yon lokatè pa kalifye poutèt kantite lajan li genyen, li gen dwa a yon sesyon konsiltasyon legal gratis oubyen yon seyans konsèy.

### Eske tout lokatè ka jwen yon avoka kounye a?

Chanje jan tribinal yo fonksyone se yon gwo travay. Eta New York La, tribinal yo avèk òganizasyon kap bay sèvis legal yo bezwen tan. Trinbinal yo dwe jwenn espas, yo dwe bay mounn kap travay fòmasyon epi devlope sistèm ki pou onore entegrite lokatè yo. Oganizasyon kap bay sèvis legal yo dwe anplwaye plis mounn epi antrene plis anplwaye.

Li pa fasil pa rapò a kote nou ye jodya pou tout mounn ta jwen yon avoka demen. Pa konsekan, RTC divize pwojè ya pa “zip code” sou yon peryòd 5 an. Pou kounye a, se kèk “zip code” sèlman ki kouvri nan chak zòn yo (borough). Chak ane, eta a pwal ajoute plis “zip code”.

Chak ane, jouk 2022, eta New York la te chwazi kèk “zip code” selon kantite degèpisman ki genyen nan zòn sa yo, konbyen mounn ki rantre nan “shelter” nan zòn nan ak konbyen “rent stabilized” ki nan zòn nan. Si ou abite nan “zip code” sa yo epi ou kalifye selon lajan wap touche, avoka ki reprezante lokatè yo sipoze pran kaw la- - ou gen DWA pou gen yon avoka. Avoka sa yo gratis.

Sonje byen, “zip code” ki chwazi yo se yon bagay tanporè. Nan lane 2022, koze zip code sa pap enpòtan ankò epi tout mounn ki kalifye selon lanjan yo touche ap gen dwa a yon avoka.

### Kijan map fè konnen si mwen kalifye pa rapò ak kòb mwen touche?

Ou gen dwa ak yon avoka si kantite kòb wap touche egal oubyen pi piti pase 200 pousan limit povrete ya. Sa vle di \$24,000 si wap viv poukont ou oubyen anviwon \$50,000 pou yon fanmi ki gen 4 mounn. Gen anpil lòt faktè ki rantre an konsiderasyon pou detèmine si

ou kalifye swivan lajan wap touche-- pale ak yon avoka pou ka konnen si ou kalifye.

Menm si kantite lajan ou ta depase sa yo mande ya, ou ka toujou jwenn yon avoka nan kèk òganizasyon legal ki gen diferan kritè pou moun kalifye pou sèvis.

### Mwen Kalifye pou Dwa Pou Gen Avoka (Right to Counsel)—Kijan mwen ka jwenn yon avoka?

Dwa pou Gen Yon Avoka (Right to Counsel / RTC) kòmmanse le ou gen yon dosye ki louvri nan tribinal. Si yo asiyen ou poutèt ou pa peye kay, ou ka ale nan tribinal la pou ranpli yon repons. Si yo asiyen ou pou mandew kay la, premye fwa ou ale nan tribinal la se premye randevou tribinal ou. Chak tribinal gen ti diferans pa yo. Generalman, depi ou gen yon randevou tribinal, lap tonbe nan younn nan jou ke RTC ap nan trininal la oubyen nan yon ofis espesyal nan tribinal la kote RTC ap ye. Jou sa, avoka lokatè yo ki travay ak oganizasyon ke leta New York la anplwaye pou bay sèvis gratis yo ap rele non ou epi yap pale avèk ou pou wè si ou vle yon avoka. Fè atansyon ke avoka wap pale ya se avoka pou lokatè yo men se pa avoka mèt kay la.

Sa depan de tribinal la, yo ka pale avèk ou anndan yon biwo oubyen nan koulwa a. Yap mandew kesyon preliminè sou dosye a ak kantite lajan ki rantre nan kay la. Si ou vle yo reprezantew, yon avoka ap ranpli yon papye ofisyèl bay tribinal la pou di ke li reprezantew. Aprè sa lap baw yon randevou pou rankontre avèk ou pou pran plis enfomasyon sou dosye a pou konnen kijan yo ka defann ou.

### Mwen depase lajan poum ta kalifye, kijan konsiltasyon pam nan ap fèt?

Sa poko kòmmanse. Nou pa konnen kijan sa pwal fèt.

### Mwen se yon lokatè nan NYCHA men dosye mwen yan nan 803 Atlantic Avenue olye li nan tribinal kay la---Kijan sa pwal fèt nan ka pam nan?

Dwa Pou Avoka (en anglè li rele Right to Counsel/ RTC) kouvri jijman administratif NYCHA yo! Kounye a, si oumenm oubyen moun ki chèf famni nan kay la gen 62 zan oubyen pi gran ke sa, se dwa ou pou gen yon avoka. Moun ki travay pou sèvis legal RTC ka pran kaw lan. Wap jwen yo nan adrès sa: 803 Atlantic Ave.

Siw pi jèn ke 62 zan, sa pa vle di ke ou pa ka jwenn yon avoka, men li pa garanti. Nou pokò konnen kouman Dwa Pou Avoka ap fonksyone pou jijman administratif NYCHA nan pwochen faz la. Men lè nou gen plis enfòmasyon, nap few konnen. Dwa Pou Avoka pou jijman administratif NYCHA ap fin akonpli nan ane 2022.

### Kijan mwen ka jwenn yon avoka avan mwen ale nan tribinal? Mwen bezwen yon avoka menm kote mwen konnen yo asiyen mwen an!

Nou ta renmen sa tou! Oganizasyon ki gen avoka ki bay sèvis legal pou lokatè yo kontinye ap anplwaye mounn epi bay fòmasyon. Yo poko gen kapasite pou pran dosye ki vini nan sistèm referans lan. Pou kounye a, pi bon jan pou ou jwenn yon avoka avan ou ale nan tribinal se pou ou angajew nan asosyasyon pou lokatè yo. Nou ta swete ke ou rele 311 oubyen ale sou entènèt pou fè yon randevou avèk yon avoka.

### Eske estati imigrasyon mwen enflyanse kapasite mwen pou mwen jwenn yon avoka?

Non, li pa anpeche sa. PA DI TOU. La lwa pa diskrimine mounn sou estati imigrasyon yo--lwa a aplike menm jan pou tout mounn kèlke swa estati imigrasyon oubyen sitwayente.

### E mwen menm? Mwen pa abite nan zip code sa yo ave a!

Nou pa bliyw! Pandan etap senk an sa, RTC pa sèlman mwayen pou lokatè jwen avoka. Gen òganizasyon ka bay sèvis legal gratis an deyò zip code sa yo, sa vle di ou ka toujou jwenn yon avoka gratis.

Pou ane kap vini yo, sèlman lokatè ki nan zip code sa yo garanti pou jwen yon avoka.

### Kijan rès projè an sa pwal ye?

Nou pa konnen ki zip code ki nan pwogram nan pou ane kap vini yo. Nap lite pou eta New York la bay priyorite ak zonn ki gen plis kantite degèpisman ak plis kantite lwaye estabilize (rent stabilized). Nou ta renmen pou mounn aje yo ak mounn ki gen andikap yo gen menm dwa sa pandan peryòd chanjman sa yo, kèlke swa zip code yo abite.

### Mwen pa nan tribinal pou koze degèpisman, men mwen bezwen rele mèt kay la nan la jistis pou reparasyon, eske mwen gen dwa pou jwenn avoka?

- Mwen pa nan tribinal pou koze degèpisman, men mwen bezwen rele mèt kay la nan la jistis pou reparasyon, eske mwen gen dwa pou jwenn avoka?

- Fòmè yon Asosyasyon lokatè

- Ekri yon lèt voye bay mèt kay la

- Engajew ak la près

- Fè Yon grèv pou revandkite koze lwaye

- Ranpli dokiman pou mande redisksyon sou pri lwaye kay la

Gen yon pakèt bagay ou ka fè! Pa limite aksyon ou ka fè nan tribinal. Kontakte òganizasyon lokatè nan zòn ou ap viv la pou gen plis enfòmasyon!